

830 Harrison Avenue, Boston MA 2^{èm} Etaj Paviyon Moakley

DE JOU Enstriksyon sou Preparasyon pou Koloskopi

Jodi a – Planifye Davans

- Planifye divès jou konje pou koloskopi ou.
- Ou **DWE** gen yon eskòt ki pou vin lopital la pou mennen ou lakay ou aprè koloskopi, alò kòmanse fè aranjman sa yo.

7 Jou Anvan Randevou Ou an

- Ranpli preskripsyon pou solisyon laksativ yo (DE kit preparasyon rekòmande)
- Sispann** pran konprime ki gen fè ladan l. Miltivitamin yo **ka** pou suiv.
- Si w ap pran Coumadin/Warfarin oubyen nenpòt lòt tip antikowagilan**, tanpri kontakte doktè premye swen ou an/Klinik Antikowagilasyon pou enstriksyon sou kòman pou sispann medikaman avan pwosedi a.



2 Jou Anvan Randevou Ou an

- Bwè omwen 8 vè dlo jodi a.
- SISPANN** pran manje ki gen yon gran kantite fib ladan yo tankou fwi kri, legim, sereyal ak pwa
- 6 PM:** Prepare 1^{ye} dòz solisyon laksativ la (melanje nan 4L dlo) epi mete li nan refrijeratè
- 8 PM:** Bwè **MWATYE** nan solisyon sa 2 jou anvan randevou ou an. Jete rès la.

1 Jou Anvan Randevou Ou an

- TOUT JOUNEN AN: SWIV YON REJIM LIKID KLÈ.** Likid ki akseptab yo: dlo, ji pòm, bouyon ki pa gen grès (SOUP KI GEN VIV LADAN L), Jell-O, te/kafe **san** lèt/krèm, soda, bwason espòtif, ak sisèt glase, men **anyen pa dwe gen koulè wouj. PIGA OU MANJE OKENN LÒT MANJE OUBYEN LIKID DITOU!!**
- 6 PM:** Prepare 2^{èm} dòz solisyon laksativ la epi mete li nan frijidè
- 8 PM:** Bwè **MWATYE** nan Solisyon Laksativ la – 1 tas chak 10-15 minit



Jou Randevou Ou an

- 6 èdtan avan lè randevou ou an, bwè rès mwatye ki rete nan solisyon laksativ la.** Ou dwe fini li omwen **2 èdtan avan** koloskopi a (*fini li 3 èdtan rive 5 èdtan avan pi bon toujou*).
- Si ou gen dyabèt:** Pran mwatye nan dòz ensilin ou an nan jou pwosedi an epi sote konprime pou dyabèt yo amwenske yo di ou yon lòt bagay. Ou ta dwe verifye nivo glikoz ou nan maten.
- Pran tout lòt medikaman regilye ou yo** omwen 2 èdtan avan ou rive.
- Estomak ou dwe vid. Piga ou manje oubyen bwè anyen**, gen ladan l likid, nan espas 2 èdtan avan ou rive.

Si ou pa kapab kenbe randevou sa, tanpri rele 617-414-2600.

Si ou gen nenpòt kesyon tanpri kontakte Navigatè Pasyon yo nan 617-414-2494/617-414-2640